



KHUTBAH JUMAT BAHASA JAWA

KEUTAMAAN WULAN DZULQA'DAH

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I




Dilengkapi dengan pembukaan khutbah dan doa penutup khutbah

[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF

Segera hubungi WA admin dakwah.id

0895-8060-18090

www.dakwah.id

 [@dakwahid](https://www.dakwah.id)

 [@igdkwh](https://www.dakwah.id)

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat
yang akan langsung dikirim
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor whatsApp berikut ini:

0895-8060-18090

Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.

KEUTAMAAN WULAN DZULQA'DAH

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ
يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ
أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ
إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ

عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّجِيمِ:

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا
كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ
اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنَّ أَصْدَقَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرَ الْهَدْيِ هَدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ
مُحَدَّثَاتُهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بَدْعَةٌ وَكُلُّ بَدْعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ. أَمَّا بَعْدُ

Sumangga kita sami tansah ningkataken saha nambahi syukur dumateng Allah *subhanahu wata'ala* ingkang sampun maringi pinten-pinten kenikmatan sahingga kita sedaya saget rawuh makempal wonten ing *baitullah* siang punika.

Shalawat lan salam katunjuk katur dumateng junjungan kita Rasulullah Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam*, sumrambah dhateng kaluwarganipun para sahabat, ugi para penderekipun dumugi dinten kiamat. Amin

Mangga sareng-sareng ningkataken takwa, ajrih dhumateng ngarsanipun Allah, kanthi nindakaken sedaya printah-printahipun saha nebihi sadaya awisan-awisanipun. Supados kita sedaya manggehaken kawilujengan saha kebahagiaan wonten ing dunya ngantos akhiratipun.

Allah Ta'ala paring pangandikan,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

“He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.”(QS. Ali Imran: 102)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Sak menika kita sampun mlebet wonten ing wulan Dzulqa'dah, wulan angka sepisan saking sekawan wulan haram utawi wulan minulya, wulan kang haram nglampahi tumindak dosa kranten dosanipun dipun agengaken karena agengipun wulan menika.

Tiyang jawi nyebat wulan menika kanthi istilah wulan *apit* jalaran kaapit kaleh dinten riyadi nggih punika Idul Fitri lan Idul Adha. Ugi disebat kanthi istilah wulan *sela* maknanipun longgar. Kayadene wulan menika wulan longgar antaranipun wulan repot Syawal lan Dzulhijjah.

Wonten ing sebagian masyarakat wulan menika dipun golongaken wulan

sial utawi wulan kang kathah pagebluk utawi pecoben. Ananging agami islam nolak pemanggeng kang mekaten menika, malahan wulan menika klebet sekawat wulan kang dipun hormati lan agungaken.

Allah *shubhanahu wata'ala* ndawuhaken,

إِنَّ عِدَّةَ الشُّهُورِ عِنْدَ اللَّهِ اثْنَا عَشَرَ شَهْرًا فِي كِتَابِ اللَّهِ يَوْمَ خَلَقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ مِنْهَا أَرْبَعَةٌ حُرْمٌ ذَلِكَ الدِّينُ الْقَيِّمُ ۗ فَلَا تَظَاهَرُوا فِيهِنَّ أَنْفُسَكُمْ وَقَاتِلُوا الْمُشْرِكِينَ كَافَّةً كَمَا يُقَاتِلُونَكُمْ كَافَّةً يَوْمَ الْآخِرَةِ إِنَّ اللَّهَ مَعَ الْمُتَّقِينَ

“Sanyata wilangane sasi mungguhing Allah iku ana rolas sasi kaya kang wus pacak ana ing Kitabe Allah, wiwit tumitah ing langit lan bumi, yaiku sasi papat kang mulya (Dzulqad’ah, Dzulhijjah, Muharam, lan Rajab) iku wus klebu ing kono, yaiku agama kang bener. Jalaran saka iku sira aja padha nganiaya marang awakira dhewe ang ing sasi kang mulya iku. Lan sira merangana wong-wong musyrik kabeh bae, kaya dene anggone dheweke wus padha merangi ing sira kabeh. Lan sira padha mangertia, satemene Allah iku anartani wong-wong kang padha taqwa marang penjenengane.” (QS. At-Taubah: 37)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Ing antawise kautaman wulan Dzulqad’ah nggih menika kelebet wulan *haram*. Tegesipun wulan yang disuceni. Ibnu Jarir Ath-Thobari nerangaken babagan menika wonten ing kitab tafsirupun: Wulan Dzulqad’ah nggih menika wulan kang dipun dadosaken dening Allah wulan suci lan agung. Wonten ing ndalem wulan menika amal-amal sholih dipun tikelaken ganjarane, mekaten ugi tumindak dosa sami dipun tikelaken dosane.

Dene Imam Ibnu Katsir nalika nerangaken ayat kang sampun kasebat: Wulan menika cacache ana papat, yaiku *Dzulqad’ah, Dzulhijjah, Muharam, lan Rajab*. Dzulqad’ah nduweni keistimewan bilih Allah ngawisi tumindak perang wonten saklebeta wulan menika. Malahan Allah mrintahaken supados menungsa sami persiapan ngadepi ibadah agung nggih menika

haji.

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Wulan Dzulqa'dah menika istimewaipun sanes yaiku wulan Haji, kang sampun Allah terangaken wonten ing al-Quran,

الْحُجُّ أَشْهُرٌ مَّعْلُومَةٌ ۖ فَمَنْ فَرَضَ فِيهِنَّ الْحُجَّ فَلَا رَفْتَ وَلَا فُسُوقَ وَلَا جِدَالَ فِي الْحُجِّ ۗ وَمَا تَفَعَّلُوا
مِنْ خَيْرٍ يَّعْلَمُهُ اللَّهُ ۗ وَتَزَوَّدُوا فَإِنَّ خَيْرَ الزَّادِ التَّقْوَىٰ وَاتَّقُونِ يَا أُولِيَ الْأَلْبَابِ

“Mangsa haji iku ana sasi-sasi kang wus katamtokake, yaiku Syawal, Dzulqa'dah, lan Dzulhijjah. Manhka sing sapa pinuju nindakake haji ana ing mangsa iku, ora kena cumbana lan ora kena pepadon ana sajeronne nindakake haji. Dene kabecikan kang padha sira tindakake iku Allah Ngawuningani. Lan sira padha sasangua, mangka sanyata becik-beciking sangu iku taqwa marang Allah, he wong kang padha duwe akal, sira padha wedia marang Ingsun.” (QS. Al-Baqarah: 197)

Wonten ing tafsiripun *Tafsirul Quranil Adhim* Imam Ibnu Katsir paring penjelasan bilih namung wonten ing wulan-wulan menika kala wau ihram (niat haji) saget sah kangge nindakaken ibadah haji.

Dipun sebataken wonten ing sirah bilih Rasulullah wonten ing wulan Dzulqa'dah nindakaken umrah ngantos ping sekawan kalebet umrah kang ndereki ibadah haji penjenangipun.

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Mekaten ugi klebet istimewaing wulan Dzulqa'dah nggih menika Allah paring janji dhateng Nabi Musa kagem ngendikan laminipun tigang ndasa dinten wonten wulan Dzulqa'dah dipun tambah sedasa dinten wonten awal wulan Dzulhijjah.

Allah paring pangandikan,

وَوَعَدْنَا مُوسَىٰ ثَلَاثِينَ لَيْلَةً وَأَتَمَمْنَاهَا بِعَشْرِ فِتْمٍ مِّيقَاتٍ رَبِّهِ أَرْبَعِينَ لَيْلَةً وَقَالَ مُوسَىٰ لِأَخِيهِ هَارُونَ

أَخْلَفْنِي فِي قَوْمِي وَأَصْلِحْ وَلَا تَتَّبِعْ سَبِيلَ الْمُفْسِدِينَ

“Lan Ingsun janji marang Musa, yaiku bakal Ingsun paringi Kitab, sawuse telung puluh wengi, lan Ingsun nyampurnakake tambah sepuluh wengi maneh, dadi waktu kang katamtokake dening Pangerane sampurna patang puluh wengi lawase. Pangucape Nabi Musa mang sadulure. Harun, Sampeyan kula dadosaken sesulih kula perlu ngreksa kaum kula, sampeyan sampun ngantos kapilut manut tindakipun tiyang-tiyang ingkang damel risak.” (QS. Al-A’rāf: 142)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Mekaten khutbah engkang saget kawula aturaken, mugi saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khatib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KEDUA

أَحْمَدُ رَبِّي وَأَشْكُرُهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ
عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّحِيمِ:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ
مُجِيبُ الدَّعْوَةِ

اللَّهُمَّ أَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِنَا، وَأَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا، وَاهْدِنَا سُبُلَ السَّلَامِ، وَنَجِّنَا مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ،
وَجَنِّبْنَا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ، وَبَارِكْ لَنَا فِي أَسْمَاعِنَا، وَأَبْصَارِنَا، وَقُلُوبِنَا، وَأَزْوَاجِنَا،
وَدُرِّيَّاتِنَا، وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ، وَاجْعَلْنَا شَاكِرِينَ لِنِعْمِكَ مُشْتَرِكِينَ بِهَا عَلَيْكَ، قَابِلِينَ
لَهَا، وَأَتِمِّمْهَا عَلَيْنَا

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَدُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِمُتَّقِينَ إِمَامًا

اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَى، وَالتَّقَى، وَالْعَفَافَ، وَالْغِنَى

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

وَآخِرُ دَعْوَانَا أَنْ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ